



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ARETASYON AK AKIZASYON NAN NEWBURGH
PANDAN BALEYAJ K AP KONTINYE FÈT NAN TOUT ETA A POU KONBAT VANT
ILEGAL MARIGWANA SENTETIK K2**

Yo te Sezi 111 Pakè, Foto yo Disponib [Isit la](#)

Echantiyon Pakè yo te Sezi yo Teste Pozitif pou Mariwana Sentetik

Komisè DOH la Doktè Zucker Pran Mezi Imedya pou Fèmen Boutik an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te arete epi akize de gason nan Vil Newburgh la pou vant marigwana sentetik ak vyolasyon lwa taks eta a. Arestasyon ak akizasyon sa yo te fèt nan kad yon seri aksyon ranfòsman nan tout eta a, ki te lakoz yon ogmantasyon prezans lapolis ak plis baleyaj pou konbat vant ilegal K2 nan kominote toupatou nan New York yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Fò n pa twonpe nou: K2 ak lòt dwòg sentetik yo danjere epi yo se risk pou sante ak sekirite popilasyon an. Vant pwazon sa a ilegal epi administrasyon sa a pral kontinye fè tout sa l kapab pou retire K2 nan lari a epi fè moun ki kontinye vyole lalwa yo asime responsabilite yo.”

Ekip Lapolis Eta New York la k ap lite kont Nakotik nan Kominote yo nan Hudson Valley (New York State Police Community Narcotics Enforcement Team – Hudson Valley), ap travay de konsè ak Depatman Fisk ak Finans Eta New York la (New York State Department of Taxation and Finance), Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, DOH), Depatman Lapolis Vil Newburgh (City of Newburgh Police Department), ak Biwo Pwokirè Distri Konte Orange lan (Orange County District Attorney’s Office) te sezi 111 pakè yo te sispèk gen marigwana sentetik ki soti nan boutik Manhattan Deli, ki sitiye nan 212 Broadway nan Newburgh. Yo te jwenn tou menm lokalite sa a te fòje fo tenb fiskal sou sigarèt, sigarèt san tenb, marigwana, ak posesyon zam ilegal.

Sant Laboratwa Wadsworth Depatman Sante nan Albany an te analize echantiyon pwodwi yo te sezi yo, epi yo te teste pozitif pou 5-fluoro-ADB, FUB-PB-22, XLR-11, NM2201, AB-CHIMINACA ak MMB-FUBINACA, ki se sis kanaboyid sentetik jan sa preskri nan Seksyon 9.1 Tit 10 Konpilasyon Ofisyèl Kòd yo, Règ ak Règleman Eta New

York yo (Section 9.1 of Title 10 of the Official Compilation of Codes, Rules and Regulations of the State of New York).

Aprè tès laboratwa yo, Komisè Depatman Sante a Doktè Howard Zucker te pran mezi imedya pou fèmen boutik la.

Hemyar M. Almaflehi, 28 an, ki moun Walden epi li se mèt boutik la, yo te akize l ak Posesyon Kriminèl Enstriman Fòje 1e degre pou tenb fiskal sigarèt fòje yo, ki se yon Krim Klas C (Class C Felony); Posesyon Sigarèt San Tenb pou Vann, ki se yon deli dapre lalwa eta a; posesyon Kriminèl Marigwana 5e Degre, ki se yon Deli Klas B (Class B Misdemeanor); Posesyon Marigwana Ilegal, ki se yon Violasyon; ak 111 chèf akizasyon règleman Depatman Sante a ki entèdi posesyon sibstans kanabinoyid sentetik yo.

Omar Nagi, 22 an, ki moun Newburgh epi li se yon vandè nan boutik la, yo te akize l ak Posesyon Kriminèl Enstriman Fòje 1e degre pou tenb fiskal sigarèt fòje yo, ki se yon Krim Klas C (Class C Felony); Posesyon Sigarèt San Tenb pou Vann, ki se yon deli dapre lalwa eta a; Posesyon Kriminèl Marigwana 5e Degre, ki se yon Deli Klas B (Class B Misdemeanor); Posesyon Kriminèl yon Sibstans Ilegal 7e Degre; twa chèf akizasyon Posesyon Kriminèl yon Zam 4e Degre, ki se yon Deli; Posesyon Marigwana Ilegal, ki se yon Violasyon; ak 111 chèf akizasyon règleman Depatman Sante a ki entèdi posesyon sibstans kanabinoyid sentetik yo.

Komisè Lapolis Eta a George P. Beach II te di: “Mwen vle bat bravo pou travay eksepsyonèl Ekip k ap lite kont Nakotik nan Kominote nou yo te fè nan ka sa, ansanm avèk patnè nou yo onivo eta ak lokal. Kanabinoyid sentetik yo se sibstans ki danjre ki ka gen enpak devastatè sou sante itilizatè yo ansanm ak tout kominote nou an yo. Nou pral kontinye travay avèk patnè nou yo pou nou pran mezi represif kont vant dwòg ilegal sa yo.”

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker te di: “Dwòg sentetik yo kontinye poze yon menas pou sante ak sekirite tout Nouyòkè. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Depatman ap travay yon fason kolaboratif ak lòt ajans eta yo pou non sèlman edike popilasyon sou danje sibstans yo prezante, men tou pran mezi agresif pou elimine yo nan kominote nou yo.”

Komisè Biwo Eta New York pou Sèvis Abi Alkòl ak Sibstans lan, Arlene González-Sánchez te di: “Dwòg sentetik yo pa gen okenn lòt objektif ot ke fè moun mal. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, Lapolis Et a ak lòt patnè ajans Eta nou yo paske yo kontinye fè efò pou retire pwazon sa yo nan lari nou yo.”

Pwokirè Distri Konte Orange lan David Hoovler te di: “Biwo Pwokirè Distri Konte Orange pral itilize tout mwayen yo gen disponib pou anpeche biznis yo mete popilasyon an danje ak ankouraje adiksyon atravè vant dwòg sentetik yo. Mwen dakò ak Gouvènè a nou dwe fè respekte lwa kriminèl yo ansanm ak pran mezi atravè otorite kontwòl yo alafwa pou nou reponn a pwoblèm sa yo. Mwen remèsye Lapolis Eta New York la ak

Depatman Fisk ak Finans Eta New York la pou travay yo ap fè nan envestigasyon sa a.”

Lyetnan Richard Carrion Depatman Lapolis Newburgh te di: “Lapolis Vil Newburgh apresye anpil sipò nou resevwa nan men patnè fòs lapolis lokal ak eta nou yo. Dwòg yo, ki gen ladan dwòg sentetik yo, detwi estrikti kominote yo epi yo se kontribiyan majè nan vyolans k ap afekte sekirite sitwayen nou yo. Nou ap atann pou nou kontinye patenarya ki kapab ede nou kenbe vil nou an sekirite.”

Jiyè ki sot pase a, New York te ogmante efò l ap fè atravè tout eta a pou ranfòsman lalwa pou asire biznis yo respekte tout lwa ki aplikab yo, sa vle di règleman ijans 2012 ki entèdi fabrikasyon, vant ak distribisyon marigwana sentetik. Anplis de sa, Gouvènè a te mande Biwo ki Fè Respekte Lwa sou Nakotik Depatman Sante a (Department of Health's Bureau of Narcotic Enforcement), Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority) epi Komisyon Jwèt Aza Eta New York la (New York State Gaming Commission) pou yo ogmante sipèvizyon yo epi revoke lisans pwopriyetè magazen alkòl ak lotri yo si yo bare yo ap pwonmennen al vann K2 ilegalman. Eta a pral kontinye aplike ak anpil vigè tout rekou sivil, kriminel ak administratif ki disponib, kont nenpòt biznis oubyen pwopriyetè biznis ke yo te kenbe nan fabrikasyon, preparasyon pou vant, oubyen k ap vann marigwana sentetik ilegalman.

Anba lwa aktyèl yo, yon pwopriyetè etablisman, ansanm ak nenpòt lòt moun ki posede, distribiye, vann, oubyen ofri pou vann marigwana sentetik ki entèdi, pral peye yon amand ki ka rive jiska 500 dola ak/oubyen pase jiska 15 jou nan prizon. Enfraksyon sivil yo pral gen ladan yon amann ki ka rive jiska 2,000 dola pou chak vyolasyon.

Marigwana sentetik komèsyalize kòm legal e li konpoze jeneralman de materyèl ki fèt avèk plant ki kouvri pa pwodui chimik ki sipoze imite THC, yon konpoze chimik aktif nan marigwana. Dwòg yo komèsyalize tankou lansan, melanj a baz plant, oswa popouri nan fason pou maske objektif yo. Non lari pou sibstans sa yo se Spice, K2, Green Giant, Smacked, Wicked X, AK-47, Geeked Up, Ninja, Caution, Red Giant, Scooby Snax, ak Keisha Kole.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418